



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 19 fevriye 2015

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE WIKENN MOTONÈJ GRATIS 7-8 MAS

Pa gen frè enskripsyon pou motonèjis ki andeyò eta ak Kanadyen yo

Lansman Nouvo pwomosyon Piblisite Dijital ou ka wè wikenn motonèj gratis, [La](#)

Defi Ivè 2015 Adirondack pral òganize nan dat 8 Mas

\$4 milyon dola te atribye pou antretyen santye motonèj

Gouvènè Andrew Cuomo te fè yon seri anons jodia ki te oryante nan bi pou stimile touris pandan ivè a nan pati nò eta, enkli yon wikenn motonèj gratis kap fèt nan kominote yo toupatou nan New York nan dat 7-8 Mas pou tout motonejis yo ki andeyò eta ak Kanadyen yo. Yo pral retire frè enskripsyon pou tout motonejis yo ki andeyò eta ki te enskri komsadwa epi ki gen asirans amatè yo ki swete eksplòre 10,400 mèt santye Motonèj New York yo.

Gouvènè a te anonse tou ke Defi Ivè 2015 lan pral fèt nan menm wikenn, 8 mas la.

“Stimile touris nan pati nò a te yon gwo priyorite pou administrasyon sa a, e wikenn motonèj gratis sa, Defi ivè ak kanpay piblisite montre tout sa New York gen pou ofri – menm nan Ivè a,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen ankouraje Nouyòkè yo ak tout moun yo ki andeyò vil la pou planifye yon vwayaj epi eksperimante bèl santye sa yo, vistas ak rezòt ki gen renome mondyal pou tèt yo.”

Wikenn Motonèj Gratis 7-8 Mas

Aktyèlman motonejis Kanadyen ak sa yo ki andeyò eta gen obligasyon pou enskri motonèj yo avèk Eta New York avan yo franchi santye yo nan Eta, etann apati Hudson Valley pou rive a North Country a lwès New York. Enskripsyon motonèj koute \$100, men lap diminye a \$45 si yo te enskri atravè yon klib motonèj lokal. Yo pral retire frè a pou motonejis Kanadyen yo ansanm avèk sa yo ki soti andeyò eta pandan wikenn pwomosyon 7-8 mas la akondisyon ke yo enskri komsadwa epi asire nan yon lòt eta oswa Canada.

Yo pral retire frè enskripsyon nan vil la nan dat 7-8 mas pou motonejis ki nan eta, andeyò eta ak Kanadyen yo, sa ki gen ladan vil Webb, nan Konte Herkimer, ak nan vil Inlet, nan Konte Hamilton.

Pou enfòmasyon sou motonèj, enkli enskripsyon sou entènèt pou motonejis ki andeyò eta, pandan peryòd ki pa gen pwomosyon, vizite <http://dmv.ny.gov/registration/register-snowmobile>.

Kominote motonèj eta gen yon enpak ekonomik total de \$868 milyon dola, dapre yon etid ki te fèt nan ane 2011 pa State University nan Potsdam. Wikenn pwomosyon 7-8 mas la prevwa pou l bay yon ranfò pou ti biznis lokal yo epi pwomote vas rezo santye motonèj Eta, sa ki te prepare epi kenbe pa plis pase 230 klib motonèj lokal toupatou nan eta. Eta a angaje tou pou òganize yon wikenn motonèj gratis ankò ivè pwochen.

Komisyonè Biwo Park, Rekreyasyon ak prezèvasyon Istorik Rose Harvey, te deklare, “Grasa efò Gouvènè Cuomo, plis ak plis moun ap dekouvri tout sa New York gen pou ofri a amatè lwazi anplennè yo. Wikenn pwomosyon sa a pral pèmèt vizitè yo jwi bèl sistèm park eta ak youn nan pi vas sistèm santye motonèj nan peyi a gratis.”

Direktè Egzekitif New York State Snowmobiling Dominic Jacangelo te deklare, “New York gen pi gwo sistèm santye andeyò Maine ak kèk pi bon santye nan Nòdès. Nou aplodi Gouvènè a paske li te deziyen yon wikenn gratis pou pasaje yo ki soti nan eta avwazinan yo ak Canada pou montre yo gwo eksperyans New York ap ofri. De Chautauqua a Plattsburgh, New York se Eta Opòtinite pou motonejis yo. Efò sa a pral sipòte plizyè milye Nouyòkè ki depann sou motonèj pou sibzistans yo.”

Defi Ivè Adirondack 2015

Pou plis pwomote touris ivè nan pati nò a, Gouvènè a te anonse tou ke Defi Ivè Adirondack 2015 pral fèt pandan wikenn motonèj gratis la, nan dat 8 mas, nan Lake Placid. Pandan Defi Ivè 2014 li a, Gouvènè Cuomo te fè motonèj sou santye Kushaqua nan Lake Placid. Defi ane pase a te atire plis pase 400 ofisyèl eli lokal ak nan eta, anplwaye, ak fanatik espò ivè, toupatou nan Eta New York.

Lanse Nouvo Piblisite Motonèj I LOVE NEW YORK

Gouvènè a te anonse tou jodia lansman yon [nouvo anons piblisite dijital](#) kap ankouraje wikenn motonèj gratis pou vizitè yo ki soti Canada ak eta vwazen New York yo. Anons piblisite sa bati sou kanpay touris ivè I LOVE NEW YORK Eta \$6.4 milyon dola ki egziste deja, ke yap wè aktyèlman nan televizyon, nan lokal sant medya yo, nan sant transpòtasyon ak sou otobis yo, tren ak chemendefè. Aktivite motonèj New York ak aktivite yo prezante sou iloveny.com ak nouvo app mobil I LOVE NEW YORK.

Ivè ane pase a, Gouvènè a te vwayaje nan Tug Hill nan North Country pou lanse I [Snowmobile] NY, ki se yon pati nan kanpay touris nasyonal ivè \$4.5 milyon dola pou ankouraje motonèj, ski ak lòt aktivite rekreyasyon nan nò New York.

Eta gen anpil bagay pou ofri vwayajè yo pandan mwa ivè yo, enkli premye ski nan Whiteface Mountain ak preske 100 lòt sant ski, lokasyon kabin ivè nan Allegany State Park, patinaj sou glas nan Bear

Mountain State Park, rakèt nan Adirondacks, ak Vilaj Olenpik nan Lake Placid. Wap jwenn plis enfòmasyon disponib nan iloveny.com/winter ak sou app mobil gratis I LOVE NEW YORK, disponib pou telechaje sou iTunes ak nan app Google Play stores oswa nan www.iloveny.com/mobile.

Nan jen 2015, Kongrè Motonèj Entènasyonal, yon rasanbleman ki gen ladan 400 lidè nan endistri motonèj la ki soti nan Etazini, Canada, Ris ak Syèd, pral fèt nan Niagara Falls.

Sibvansyon \$4 Milyon dola pou Antretyen Santye Motonèj

Ane sa a, Biwo Park, Rekreyasyon ak prezèvasyon Istorik te afekte plis pase \$4 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan enskripsyon motonèj, pou antretyen santye motonèj yo nan 53 kominote yo. Finansman an sipòte plis pase 10,400 mètr santye ke yo deziyen nan Eta pou motonejis yo ka pwofite. Sistèm santye konplè New York ak pwogram asistans santye bay motonejis yo enfòmasyon ajou sou santye ki dame yo ki ansekirite pou vwayaj.

Pou yon eksperyans motonèj amizan ak ansekirite, State Park yo rekòmande: abiye pou sikonstans yo epi mete yon kaskèt motonèj; rete sou santye ki deziyen yo; evite lak, rivyè ak glas kap deplase dlo toupre oswa anba l, kòm glas nan zòn sa yo ka mens epi fèb; pa kondwi apre ou fin bwè alkòl; epi konplete yon kou sekirite motonèj. Yon lidè nan edikasyon motonèj, Eta New York ofri yon kou fòmasyon operatè pou motonejis yo ka asire sekirite pasaje yo ak lòt itilizatè santye yo. Wap jwenn yon lis kou yo ofri yo nan tout eta ajou chak semèn pandan sezon motonèj la e ou ka jwenn li sou [sitwèb](#) State Parks yo.

Senatè Betty Little te deklare, “Yon fwa ankò, Gouvènè Cuomo te pran yon angajman pou ankouraje gwo endistri touris sa nan nò eta ke anpil kominote ak ekonomi lokal yo konte sou li. Avèk yon lòt pous ankò pou jwenn plis vizitè nan atraksyon pati nò a, nou pral kontinye montre sa ki pi bon nan Adirondacks pou ane kap vini yo.”

Senatè Joseph A. Griffo te deklare, “North Country ofri eksitasyon ak avanti ki pa gen finisman – e lè nou mennen plis moun ak ak plis atansyon nan rejyon nou an, plis vizitè ki soti toupatou nan mond lan pral vin wè kisa kote sa gen pou ofri. Grasa sipò san relach Gouvènè Cuomo nan North Country, touris anplèn elan e lap reyèlman kondwi ekonomi nou an delavan ak kreye travay.”

Senatè Patty Ritchie te deklare, “Antanke yon motonejis pasyone, mwen konnen spò a pa non sèlman gen anpil amizman—men tou li se yon modvi ak yon gwo pati nan ekonomi nou an nan nò New York,” te deklare Senatè Eta Patty Ritchie. “Mwen kontan dèske Gouvènè a ap rekonèt kijan motonèj enpòtan pou rejyon nou an. Efò sa yo, konbine avèk travay nou te fè nan ane ki te pase yo pou amelyore rekreyasyon anplennè, pral ede pou fè eksperyans lan pi bon pou moun yo ki ale sou santye yo, atire nouvo moun nan spò a e anretou, sa pral kreye travay lè li bay biznis lokal yo yon kout pous.”

Manm asanble Ken Blankenbush te deklare, “Li absoliman enpòtan ke nou ankouraje tout atou nan endistri touris nou an ki enpòtan pou anpil kominote. Mwen aplodi Gouvènè a paske li kontinye ap atire plis atansyon sou trezò kache yo ki nan rejyon nou an ak aktivite anplennè ki pral bay plis touris ak plis lajan nan ekonomi lokal nou yo.”

Michael Tabolt, Prezidan Konsèy nan Konte Lewis, te deklare, “Mwen kontan pou m wè anfaz Gouvènè a sou touris ivè nan rejyon nou an. Plis sa nou ka fè pou ankouraje atraksyon nou yo, se plis ekonomi nou an pral kontinye grandi. Sa se yon viktwa pou Konte Lewis.”

Randall Schell, Sipèvizè vil Lowville, te deklare, “Santye motonèj nou yo se kèk nan sa ki pi bon nan peyi a, e nou fyè pou n fè patenarya avèk Gouvènè a epi ofri yon wikenn motonèj gratis pou vizitè eksteryè yo. Atraksyon ivè nou yo se pyès santral kominote nou yo. Pwomosyon sa se yon gwo fason pou atire plis moun epi gade tout sa vil nou an gen pou ofri.”

Mike Farmer, Direktè Piblisite/Touris Vil Webb, te deklare, “Gouvènè Cuomo te mete an evidans aktivite ivè yo nan North Country, sa ki pami sa ki pi bon nan peyi a, si se pa nan mond lan. Finansman adisyonèl ak materyèl pwomosyon pral mete mo a deyò pou plis moun vini epi pwofite Nò New York.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.841